



Stronger & Safer

F3

NYC Housing
Recovery

212-615-8329

housing@recovery.nyc.gov

nyc.gov/builditback

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

PÈMI DWA DANTRE

Moun ki siyen non l pi ba an (“Pwopriyetè”) afimen nan deklarasyon sa a, se limenm ki pwopriyetè kay ki nan adrès

Adrès kay lan

Vil, Eta, Kòd Postal

(“Kay”)

Pwopriyetè an san kondisyon bay Vil New York lan (“Vil”), konsesyonè li, anplwaye li, ajan li, avèk kontraktiyèl li (tout gwoup lan se “Prestatè Asistans”) gen dwa pou yo gen aksè epi antre sou epi anndan pwopriyete ki dekri pi wo la a nan objektif pou yo fè enspeksyon sou Pwopriyete an epi/oubyen apre apwobasyon Pwopriyetè an, reyabilitasyon, demolisyon epi/oubyen konstriksyon sou Pwopriyete an, pou li kapab patisipe nan Pwogram Build it Back lan (“Pwogram lan”).

Selon sa ki byen konprann, Pèmi Dwa Dantre (*Right of Entry Permit “ROE”*) sa a pa kreye okèn obligasyon pou Vil lan, ofisyèl li yo, oubyen Prestatè Asistans yo oblije fè enspeksyon, reyabilitasyon, demolisyon epi/oubyen konstriksyon sou Pwopriyete an. Pwopriyetè an byen konprann pa gen benefis li pral resevwa anba Pwogram lan jis tan ROE sa a fin fèt, epi pa gen okèn garanti ki di Pwopriyetè an pral resevwa benefis anba Pwogram lan.

1. *Delè:* ROE an pral ekspire nan 2 zan apre fòm sa a siyen, sòf si li anile oubyen amande anvan delè sa a, selon kondisyon ki make sou papye sa a.
2. *Enspeksyon/Konstriksyon Otorize:* ROE an otorize enspeksyon, reyabilitasyon, demolisyon epi/oubyen konstriksyon sou Pwopriyete an. Pwopriyetè an byen konprann Vil lan epi Prestatè Asistans li yo pral detèminen kantite sèvis ki nesesè yo. Si Pwopriyetè an pa dakò avèk kalite oubyen kantite aksyon ki pwopoze yo, Pwopriyetè an kapab refize travay lan epi anile ROE sa a nan nenpòt moman. Pou fè sa, se pou li avize Spesyalist Rekiperasyon Lojman ki responsab dosye Pwopriyetè an.
3. *Responsabilite pou Pwoteje, Responsabilite pou Enfòmè lè gen Kondisyon ki mete moun an danje:* Pwopriyetè an pral pran tout prekosyon rezonab pou pwoteje pwopriyete an epi moun ki abite nan pwopriyete an de tout domaj oubyen blesi, e sa gen ladan l men li pa limite a, retire oubyen sekirize byen pèsònèl ki frajil oubyen ki gen anpil valè, epi respekte lòd pou evakye pwopriyete an oubyen kèk pati nan pwopriyete an. Pwopriyetè an ab bay Vil lan epi Prestatè Asistans yo avi si genyen nenpòt kondisyon ki kreye danje nan pwopriyete an, dapre sa Pwopriyetè an konnen.
4. *Divè:*
 - a. Pwopriyetè an deklare epi garanti Pwopriyetè an genyen tout pouvwa ak otorite pou li egzekite epi ranpli a sanpousan obligasyon Pwopriyetè an genyen anba ROE sa a. Si Pwopriyetè an se yon antite, Pwopriyetè deklare tou epi garanti Pwopriyetè an genyen kalite pouvwa ak otorite selon règleman li yo, san pa gen nesesite pou lòt aksyon anplis, epi moun lan/yo kap egzekite ROE sa a o non Pwopriyetè an se limenm/yomenm ki ajan Pwopriyetè an ki byen deziyen selon tout fòm an epi ki otorize pou lye antite an selon stati konstitif li yo. Pwopriyetè an deklare epi garanti ekspresman pwopriyete enkondisyonèl lan

Si ou pa konprann lèt sa a oubyen si ou bezwen yon tradiksyon, silvouplè kontakte nou nan nimewo (212) 615-8329 pou ou kapab jwenn yon asistans pou sa.

se nan men Pwopriyetè an sèlman li chita epi/oubyen Pwopriyetè an gen otorite pou li aji kòm ajan sou nenpòt lòt pwopriyetè epi lye pwopriyetè sa yo avèk kondisyon ki nan papye sa a.

- b. Tout zouti, ekipman epi lòt byen apatni a Vil lan epi/oubyen Prestatè Asistans yo oubyen byen Vil lan epi/oubyen Prestatè Asistans yo lwe ke Vil lan epi/oubyen Prestatè Asistans yo pran oubyen mete sou pwopriyete an pral rete kòm byen Prestatè Asistans yo epi Prestatè Asistans yo kapab retire byen sa yo nan nenpòt moman nan yon peryòd rezonab apre ROE sa a ekspire, si sa nesèsè.
- c. Gen kolèkt enfòmasyon ki fèt pou pèmèt Vil New York lan, Prestatè Asistans li yo, pou yo antre sou pwopriyete ou an, enspekte li pou domaj, epi/oubyen pran mezi pou pwoteje li. Lè moun soumèt enfòmasyon, genyen pataj ki fèt sou enfòmasyon sa a avèk lòt ajans nan gouvènman an (Federal, Eta avèk Vil lan), kontraktyèl yo, soutretan yo ak anplwaye yo, pou yo itilize enfòmasyon yo ofisyèlman sèlman, selon objektif ki dekri nan ROE sa a.

Pou konsiderasyon avèk fen ki etabli nan papye sa a Mwen/Nou apoze siyati mwen/nou avèk so mwen/nou sou papye sa a.

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè (Non an Lèt Detache)	Siyati	Dat
---------------------------------	--------	-----

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè (Non an Lèt Detache)	Siyati	Dat
---------------------------------	--------	-----

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè (Non an Lèt Detache)	Siyati	Dat
---------------------------------	--------	-----

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè (Non an Lèt Detache)	Siyati	Dat
---------------------------------	--------	-----

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè (Non an Lèt Detache)	Siyati	Dat
---------------------------------	--------	-----

Ou dwe siyen vèsyon ofisyèl dokiman an ki ann angle epi mete l ansanm ak demand ou an.

Pwopriyetè (Non an Lèt Detache)	Siyati	Dat
---------------------------------	--------	-----